

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa téh ngawengku opat kaparigelan anu diantarana nyaéta ngeregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Kaparigelan basa ieu téh silih mangaruhan sarta raket panalina jeung prosés-prosés anu jadi dadasar makéna basa, kaparigelan basa kawilang penting pisan dina kahirupan, kusabab dasar tina komunikasi nalika nepikeun anu dimaksud tina hasil mikir.

Tina opat kaparigelan basa tadi aya salahsahiji kaparigelan nyaéta nulis anu kudu dipimilik jeung dimekarkeun ku unggal jalma. Kaparigelan nulis ka asup kana kaparigelan basa anu penting pikeun kamekaran pangaweruh. Nurutkeun Sudaryat (2012, kc. 99) nulis mangrupa kamampuh hiji jalma dina ngawasa basa, ngaliwatan tulisan nu jerona ngébréhkeun basa hiji jalma, pikeun nepikeun ide, konsép, jeung gagasan nu ngandung ma'na. Sedengkeun nurutkeun Nurjanah (2009, kc. 1) nétélakeun yén nulis téh asal kecapna tina 'tulis' maké rarangkén N- (nasal) anu ngandung harti 'ngalakukeun'. Harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. Lian ti éta aya ogé nurutkeun Graham jeung Harris (dina Rahman, 2018, kc. 14) nétélakeun yén nulis ogé dijadikeun hiji alat pikeun ngukur kamampuh siswa disakabéh tingkat Pendidikan. Aya ogé nurutkeun Atar (2007, kc. 14) nulis téh mangrupa hiji proses kréatif mindahkeun gagasan kana lambang-lambang tulisan.

Dina kagiatan nulis urang dituntut kudu parigel pikeun nyusun kosa kecap jadi kalimah anu hadé tur merenah pikeun dibaca. Ku kituna sangkan urang parigel dina nulis, urang kudu réa maca yén éta maca buku, maca jurnal, maca koran jsb sangkan miboga wawasan nu lega nu bakal ngamekarkeun idé jeung gagasan pikeun nulis. Dina kagiatan nulis téh teu sagawayah jeung teu sagampang nu dibayangkeun kusabab teu sakabéh jalma parigel dina nyusun kosa kecap nu merenah jeung ngamekarkeun idé jeung gagasana sangkan jadi tulisan nu hadé. Teu saeutik jalma nu ngarasa kasusahan dina ngamimitian nulis yén eta dikalangan siswa, mahasiswa, dosen oge bisa jadi pernah ngalaman kasulitan kawas kitu,

salahsahijina dina kagiatan nulis karya sastra nu kauger ku kaédah nu tangtu saperti nulis carita pondok atawa carpon kusabab kaparigelan nu dianggap pang héséna diantara nu séjénna téh nyaéta nulis. Saluyu jeung pamadegan Rahman (2020, kc. 60) anu nyebutkeun yén dibandingkeun jeung tilu kaparigelan séjénna, kaparigelan nulis téh hésé dikawasa. Lantaran kaparigelan nulis ngarahkeun siswa pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pikiran jeung rasa sangkan jadi hiji karya nu bisa dipikapaham ku jalma séjén.

Saluyu jeung kurikulum tingkat muatan lokal anu aya di SMA jeung SMK, dimana aya kompetensi dasar anu meredih siswa sangkan parigel dina nulis, salahsahijina dina pangajaran nulis carita pondok aya di kelas XI. Nulis carita pondok aya dina KIKD SMA Basa Sunda Kurikulum 2013 nurutkeun (Pemerintah Daerah Provinsi Jawa Barat Dinas Pendidikan, 2017) anu dina Kompotensi Dasarna:

*4.4 Menulis carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan.*

Jadi dumasar tina KIKD carita pondok téh miboga udagan nyaéta siswa kudu mampu nyusun kerangka tulisan carita pondok kalayan merhatikeun struktur jeung kaédah kabasaanna (eusi caritana, tata basa, struktur, kosa kecap). Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 29 ) carita pondok nyaéta karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan, lantaran jumlah kajadianna dina caritaan heunteu réa; museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Carita pondok ogé aya nu disebut carita pondok biasa (*short story*), carita pondok pisan (*short short story*), jeung carita pondok anu Panjang (*long short story*).

Saupama ditilik tina kamampuh siswa nalika nulis carita pondok, siswa masih kénéh aya anu can mampu nulis carita pondok kalayan hadé merhatikeun struktur jeung kaédah kabasaananna nu ngabalukarkeun siswa can bisa ngahontal kompetensi dasar anu aya dina KIKD. Dumasar hasil wawancara jeung salah sahiji guru basa Sunda di SMK Al-Husaeniyah anu nyebutkeun yén siswa masih kénéh aya anu can bener dina nulis carita pondok. Salahsahijina nu ngalantarankeun métode ngajar guru nu monoton atawa modél pangajaran nu kurang cocok pikeun pangajaran nulis carita pondok, nu ngabalukarkeun siswa hésé dina nulis carita

pondok nu luyu jeung pamadegan. Hasanah (Surasmiati, 2017 kc. 104) nétélakeun yén dina proses diajar, biasana guru ngan ngajelaskeun gurat badagna hungkul, tanpa dirojong ku modél pangajaran. Sangkan udagan pangajaran nulis carita pondok bisa kahontal perlu ayana modél pangajaran anu variatif bisa ngajadikeun prosés pangajaran lumangsung éfektif ogé cocok sangkan udagan dina prosés pangajaran nulis carita pondok nu luyu jeung pamadegan bisa kahontal.

Ku kituna pikeun ngungkulan éta pasualan, salasahiji tarékahna nyaéta guru kudu langsung ngabimbing siswa ku cara ngapraktékeun langsung éta kaparigelan nulis teu ngan saukur nepikeun matéri hungkul. Nurutkeun Rahman (2018, kc. 39) yén dina pangajaran nulis kudu bisa nuwuhkeun rasa kareueus siswa kana kagiatan nulis. Salian ti éta tangtuna guru nalika ngajar kudu bisa milih modél pangajaran anu luyu jeung matéri sarta ngahudangkeun sumanget jeung motivasi siswa. Nurutkeun Joyce jeung Weil (dina Iskandarwassid, 2009, kc. 3) modél pangajaran (*models of teaching*) nyaéta hiji rarancang anu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngarancang matéri pangajaran, jeung méré pituduh ka nu ngajar di kelas dina *setting* pangajaran atawa *setting* nu séjénna. Modél pangajaran mangrupa salahsahiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru. Kulantaran hal ieu mangrupa salasahiji indikasi anu bakal nangtukeun kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2011, kc.1) Dina milih modél pangajaran anu teu luyu jeung karakteristika kamampuh siswa bisa ngabalukarkeun kana asorna kualitas prosés diajar. Guru perlu ngararancang pangajaran anu ngawangun kaparigelan mikir kritis siswa (Rahman, 2018 kc. 22).

Aya sababaraha modél pangajaran anu bisa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampu nulis. Salahsahijina nyaéta aya modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Nurutkeun Huinker jeung Laughin (Huda, 2013, kc. 218) Modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* nyaéta modél anu ngawadahan pikeun latihan berbahasa lisan jeung tulisan kalayan lancar. Aya ogé kaonjoyan tina ieu modél nyaéta sangkan siswa leuwih kritis pikeun mikir, ngomong, jeung nulis hiji topik nu tangtu. Modél *Think-Talk-Write (TTW)* ieu ngawanohkeun ka siswa pikeun mangaruhan jeung manipulasi ide-ide saacan dipraktékkeun kana wangun tulisan jeung mantuan siswa dina ngumpulkeun jeung

mekarkeun ide-ide ngaliwatan percakapan nu terstruktur. Sakumaha ngaranna, ieu stratégi miboga sintak anu luyu jeung urutan di jerona, nya éta *Think* (mikir), *Talk* (ngomong/diskusi), jeung *Write* (nulis). Sangkan leuwih éféktif ieu modél pangajaran siswa dibagi kelompok hétérogen anu ngawengku 3-5 urang.

Sacara émpiris modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* anu ngarojongkan ieu panalungtikan nyaéta kungsi dilaksanakeun ku sababaraha panalungtikan anu di antarana ku (Rizal Ramdani, 2020) mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, nyaéta nu judulna “Modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén di kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020)”, nyebutkeun yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi kulantaran hasilna éféktif pikeun dipaké.

Lian ti éta, panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun ku (Asri Maulida, 2016) mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda anu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”, nyebutkeun yén modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* hasilna éféktif pikeun dipaké kulantaran bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawacan. Jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku (Siska Vitria Dewi, 2010) mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, nyaéta anu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Éksposisi (Studi kuasi Ékspérimén di Kelas VII A SMP Negeri 1 Cibeureum Kabupaten Kuningan Taun Ajaran 2013/2014)”, nyebutkeun yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks éksposisi kulantaran hasilna éféktif pikeun dipaké.

Sanajan panalungtikan anu ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* lain panalungtikan anu munggaran, tapi panalungtikan ieu ogé baris ngagunakeun modél pangajaran nu sarua ngan bédana nya éta palebah matéri nu baris ditalungtik nyaéta kana kamampuh nulis carpon kusabab can kungsi aya. Kitu deui tina sumber datana siswa na béda nya éta ka kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah. Jadi, panalungtikan anu ngagunakeun modél pangajaran *Think-*

*Talk-Write (TTW)* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon téh dina danget ieu can aya nu kungsi nalungtik.

Dumasar kana hal-hal anu kapaluruh di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi ékspérimén di Kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sawatara masalah anu bisa diidéntifikasi nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) kamampuh nulis carita pondok, dumasar kana struktur jeung kaédah kabasaan (eusi caritana, tata basa, struktur, kosa kecap).
- 2) modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* anu urutanna *Think* (mikir), *Talk* (ngomong/diskusi), jeung *Write* (nulis).

## 1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah nu diguar dina kasang tukang, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah panaya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?
- 3) Naha aya bébédana nu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?

## 1.4 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung sacara husus saluyu jeung masalah-masalah anu geus dirumuskeun.

### 1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan pikeun mikanyaho pangaruh modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kana tingkat kamampuh siswa dina nulis carita pondok kalayan merhatikeun struktur jeung kaedah kabasaan nu saluyu dina nulis carita pondok.

### 1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022;
- 2) kamampuh nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* siswa kelas XI-Perbankan Syariah Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022;
- 3) bédana kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* siswa kelas XI-Perbankan Syariah Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022.

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu baris dipedar ieu di handap.

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis nu bisa dicangking nyaéta pikeun maluruh informasi ngeunaan modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, méré pangaweruh ngeunaan carita pondok, ogé bisa ngaronjatkeun kaparigelan nulis siswa ngaliwatan pangajaran nulis carita pondok.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Aya ogé mangpaat sacara praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. pikeun siswa, ku ayana modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis carita pondok, dipiharep siswa bisa maham kana matéri pangajaran, ogé leuwih parigel dina nulis carita pondok luyu jeung struktur ogé unsur kaedah kabasaanna. Sarta mekarkeun motivasi kaaktifan siswa.
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi conto pikeun guru sangkan leuwih

Anisa Azizah, 2021

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

parigel dina nepikeun matéri jeung bisa mékarkeun modél pangajaran sangkan ngirut siswa leuwih sumanget diajar basa Sunda. Sarta bisa ngajadikeun stratégi pikeun siswa leuwih aktif, kritis jeung kréatif.

- c. pikeun panalungtik, panalungtik bisa mikanyaho éféktif henteuna ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun ngaronjatkeun kamampun nulis carita pondok siswa. sarta bisa ngalaksanakeun pangajaran di kelas ngagunkeun modél pangajaran anu inovatif dina nepikeun matéri pangajaran.

## 1.6 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu skripsi téh disusun ku lima bab, saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, nu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Ulikan Pustaka eusina ngeunaan modél pangajaran nu ngaguar wangenan, ciri-ciri jeung mangpaat. Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* nu medar ngeunaan wangenan, léngkah-léngkah, kaonjoyan jeung kahéngkéran. Tiori nulis nu eusina medar wangenan nulis, fungsi jeung udagan nulis, mangpaat nulis, jeung rupa-rupa tulisan. Tiori ngeunaan sagala hal anu aya patalina jeung bahan pangajaran nulis carita pondok.

BAB III Méhode Panalungtikan, nu ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data nu eusina medar ngeunaan uji sipat data jeung uji hipotésis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngawengku kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun Modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, bédana kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI-Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar 2021/2022 saméméh jeung

Anisa Azizah, 2021

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sanggeus ngagunakeun Modél Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, jeung pedaran hasil panalungtikan.

BAB V Panutup, ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, implikasi tina panalungtikan, sarta méré saran jeung rékomendasi pikeun panalungtikan séjénna.